# ИЗУЧЕНИЕ В СОВРЕМЕННОЙ КАРАКАЛПАКСКОЙ ПРОЗЫ

**Юсупов Конысбай Абылович**
*Доктор педагогических наук, профессор*
*Г.Нукус, Республики Узбекстан и Каракалпакстан*

**Аннотация:** *Ведущим критиком и исследователем каракалпакской литературе является Пердебай Нуржанов. Большая заслуга принадлежит П.Нуржанова в подготовке учебных программ и учебников для средней школы по каракалпакской литературе. Им написано свыше двухсот монографий, исследований, статей и рецензий.*

**Ключевые слова:** *писатель, произведение, литературовед, образ, творчество, жанры, методика, процесс урока, обучение, метод.*

Ғәрезсизлик дәўириндеги әдебияттаныў илими барлық жанрларды изертлеў бойынша әдеўир толысты ҳәм алға раўажланды. Бул дәўирде белгили алымлар С.Ахметов, А.Пахратдинов, Қ.Султанов, Қ.Камалов, Қ.Байниязов, К.Мәмбетов, С.Баҳадырова, Қ.Жәримбетов, К.Алламбергенов, Қ.Оразымбетов, П.Нуржанов, К.Палымбетов, З.Бекбергенова ҳәм басқа илимпазлардың мийнети гиреўли болды. Усы алымлардың бири филология илимлериниң докторы Пердебай Нуржанов қарақалпақ әдебияттаныў илиминде проза, поэзия ҳәм драмалық шығармалар бойынша әҳмийетли теориялық мәселелерди изертледи.

Илимпаздың өмири ҳәм дөретиўшилик жолына нәзер аўдарып өтейик. Болажақ алым 1963-жылы Шымбай районы «Таза жол» аўылында туўылды. «Болар бала бес жасынан белгили» дегендей мектепте оқып жүргеннен баслап-ақ тыянақлы билим алыўға қызықты. Мектеп оқыўшылары арасында өзиниң билимданлығы, зийреклиги, мийнеткешлиги менен үлкен абырайға ийе болды. Оның устазлары болған қарақалпақ тили ҳәм әдебият пәнинен сабақ бериўши республикаға белгили оқытыўшылар Юсупов Абыл, Байназаров Абат, М.Отарбаевлар билимдан, терең ойлы оқыўшы Пердебай Нуржанов туўралы мудамы жақсы пикирлерди айтып, ҳәмме ўақыт мақтаныш ететуғын еди. Нәтийжеде устазы Өзбекстан халық билимлендириў ағласы Юсупов Абылдың басшылығында 1979-1980-жыллары қарақалпақ тили ҳәм әдебият пәнинен өткерилген районлық ҳәм республикалық пән олимпиадаларына қатнасып биринши орынды ийеледи. Қарақалпақ тили ҳәм әдебият пәнине болған қызығыўшылық жас талант ийесин Нөкис мәмлекетлик университети қарақалпақ филологиясы

факультине оқыўға тапсырыўға жетелеп келди. 1980-жылы қарақалпақ тили ҳәм әдебияты бөлиминиң студенти болды.

Студентлик дәўирде барлық пәнлерден айрықша баҳалар менен оқыды. Белгили алымлар М.Нурмуҳамедов, С.Ахметов, К.Мәмбетов, Қ.Камалов, А.Дәўлетов ҳәм басқа устазларының терең теориялық билимге ийе лекцияларын тыңлады. Университетти табыслы тамамлап 1989-93-жыллары Москвадағы М.Горький атындағы жер жүзилик әдебият институтының аспиранты болыўға миясар болды. Нәтийжеде 1994-жылы жәҳән әдебияттаныў илиминде белгили алым З.Османованың басшылығында «Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны» қарақалпақ әдебиятында биринши тарийхый трилогия» деген темада кандидатлық диссертациясын табыслы жақлады. Москва қаласында қарақалпақ әдебияттаныў илимин раўажландырыўға үлес қосқан белгили алымлар М.Нурмуҳамедов, Ж.Нарымбетов, Қ.Камалов, З.Шамуратоваларда диссертация жумысларын қорғаған еди. 2020-жылы Пердебай Нуржанов филология илимлериниң докторы, профессор Қурбанбай Жәримбетовтың басшылығында «Ҳәзирги қарақалпақ романы поэтикасы» деген темада докторлық жумысын қорғады. Бул әдебияттаныў илими ушын үлкен жаңалық болды.

Белгили алымның «Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият» (1993), «Сверяя с народной памятью» (1994), «Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы» (2003), «Ҳәзирги қарақалпақ романы поэтикасы» (композициялық ҳәм жанрлық-стильлик өзгешеликлери) (2008), «Ҳәзирги қарақалпақ романы» (сюжет ҳәм конфликт поэтикасы) (2009), 5-класс ушын «Әдебият» сабақлығы (2007,2012) ҳәм басқа мийнетлери баспадан жарық көрди. Ҳәрбир мийнети жаслар ушын тәрбиялық сыпатқа ийе. Сонлықтан оның айырым мийнетлерин қысқа таллап өткенди мақул көрдик.

Автордың 1993-жылы «Билим» баспасында жарық көрген «Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият» атлы әдебий сын мақалалар жыйнағы баспада жәрияланды. Топламның биринши бөлими «Заман тәшўиши ҳәм поэзия» деп аталып, онда «Босаға», «Верлибр ҳаққында ойлар», «Саратан», «Ойлар» сыяқлы сын мақалалары берилген. «Босаға» мақаласында талантлы шайырлар Ж.Тәжетдиновтың «Қулшыныў», Б.Генжемуратовтың «Аптаптың өмири», Б.Нурназарованың «Қарлығашым» атлы қосықлар топларына сын пикирлер айтылған. Ҳәр бир шайырдың стильлик өзгешеликлерин ашып бериўге ҳәрекет ислеген. Мәселен, «*Үш талант ийесиниң дөретиўшилигин бириктиретуғын тема - бул Ана-ўатан темасы. ...Ал, усы мәселениң жарыққа шығыўына жас шайырлардың үшеўи үш түрли қатнас жасайды. Бул жолда*

*Жолдасбайдың дөретпелеринде тәбийғый рәңбе-рәңлик, Бахтиярға көтериңкилик рух, Бийбижардың қосықларында болса ушқыр ой, терең лапыз тән.»* - деп өз ўақтында бул шайырлардың лирикасына әдил сын көзқарасын билдирген. «Верлибр ҳаққында ойлар» деген мақаласында Ш.Сейитов, К.Каримов, Ш.Аяпов, Б.Генжемуратов ҳәм басқа шайырлардың дөретиўшилигинде ушырасып киятырған верлибр формасында жазылған қосықлар ҳаққында өзиниң пикирлерин билдирип өтеди. Верлибр – бул косықтың бир формасы екенлиги, усы қосық формасына қойылатуғын талапларды А.Л.Жовтис, А.Метстин, А.П.Каятковский, М.Л.Гаспаров сыяқлы алымлардың мийнетине сүйенип атап өткен. Оның «Саратан» деген мақаласында белгили шайыр Б.Генжемуратовтың лирикалық топламы туўралы сын пикирин билдирип, талант ийесиниң лирикасын тереңнен таллаған. Шайыр лирикасы менен қарақалпақ поэзиясын жанрлық ҳәм формалық жақтан байытыўға үлес қосқанғанлығы, оның еркин қосықлары бириншиден, ойдың адамды зериктиретуғын түссизликтен, турмыс қубылысларын сүўретлеўдеги механикалық усылдан ҳәм поэзияда ҳүким сүретуғын көркем шәртлиликтен қутылғаны ҳаққында баҳалы пикирлер айтылған. Топламның екинши бөлими «Ойымызда да, жырымыз да Арал!»деп аталып, онда «Экологиялық ҳүждан» ҳәм көркем әдебият», «Қарақалпақ прозасында адам характериниң экологиялық шараятта сүўретлениўи мәселесине», «Қарақалпақ әдебиятында адам ҳәм тәбият Арал машқаласы ҳәм көркем әдебият» деген мақалаларында қарақалпақ прозасында Арал темасы, қаҳарман характери ҳәм экологиялық ҳүждан, экологиялық шараят мәселелери ашып көрсетилген.

Топламның үшинши бөлими «Проза ҳәм дәўир»деп аталып, онда «Әдебиятымызда тарийхый роман жанрының изертлениўи мәселесине (Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны» трилогиясы мысалында)», «Т.Қайыпбергеновтың тарийхый романларының базыбир стильлик өзгешеликлери: өзиники болмаған туўра гәп Орта Азия ҳәм Қазақстан фольлоры менен әдебиятымызда қан араластырыўдың ески түриниң типологиясы мәселесине», «Кеңесли ел азбас» деген сын мақалалары бар. Топламның төртинши бөлими «Әдебиятымыздың базыбир мәселелери дәслепки гербишлери ҳаққында» деп аталып, онда «Әдебий мийрасымызды үйренейик», «Әдебий критика - 88», «Қарақалпақ әдебияты тарийхын оқытыў», «Көрнекли илимпаз» деген мақалалары берилген. «Жаңа жыл символикасы» деген мақаласы жаңа жыл байрамының келип шығыў тарийхы ҳәм оның өткериўине байланыслы қызықлы фактлер келтирилген.

Автордың бул мийнети ҳәзирги әдебияттаныў илимине байланыслы айырым теориялық мәселелерди ашып бериўи менен баҳалы.

1990-жылларда қарақалпақ әдебияттаныў илиминде арнаўлы изертлеўди талап етип турған мәселелердиң бири – ҳәзирги қарақалпақ романының поэтикасы, композициялық ҳәм жанрлық-стильлик өзгешеликлери, романның сюжети, конфликт поэтикасы мәселелери тутас изертлеў машқаласы болды. Бул илимий теориялық машқаланы әдебиятшы Пердебай Нуржанов табыслы изертлеп, өзиниң «Ҳәзирги қарақалпақ романы поэтикасы» монографиясын «Билим» баспасынан 2008-жылы көп нусқада бастырып шығарды. Монографияда ХХ әсир 70-90-жыллардағы қарақалпақ романының поэтикасы, композциялық жаңашыллық ҳәм оның көркем шеберликти жетилистириў сыяқлы теориялық мәселелер илимий филологиялық бағдарда тереңнен изертленген. Изертлеў барысында қарақалпақ романындағы бул мәселелерди ашып бериў мақсетинде К.Мәмбетовтың «Ҳүждан», «Түрстан», Ш.Сейтовтың «Шырашылар» романларынан алынған көркем текстлерге илимий филологиялық таллаў жасалған. Теориялық пикирлерин тереңлестирип, рус, өзбек, қазақ алымларының роман мәселесине билдирген пикирлерине сын көз қарасын билдирген. П.Нуржанов «Ҳәзирги қарақалпақ романы» монографиясын «Билим» баспасынан 2009-жылы көп нусқада бастырып шығарды. Монографияда ХХ әсир 70-90-жыллардағы қарақалпақ романының поэтикасы, романның сюжети, конфликт поэтикасы қусаған теориялық мәселелер тутас изертленген. Илимий мийнетте жазыўшылардың романларын илимий филологиялық жақтан таллаған ҳәм пикирлерин көркем текстлер арқалы дәллилеп берген.

1990-жыллардан баслап улыўма орта билим бериў мектеплери, кәсип өнер мектеплери, академиялық лицей оқыўшылары ҳәм жоқары оқыў орны студентлери ушын сапалы оқыў бағдарламаларын ҳәм сабақлықларын ислеп шығыў – бул методист алымлардың алдындағы баслы ўазыйпалардың бири болды. Усы көзқарастан Пердебай Нуржанов 2003-жылы «ХХ әсир қарақалпақ әдебияты» пәни бойынша «Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы» атамасындағы оқыў қолланбасы баспада жәрияланды. Бул методикалық мийнетте ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ прозасының раўажланыў бағдарлары бойынша мәселелер айтылған ҳәм студентлер ушын жазыўшылардың 1990-2003-жыллары өз алдына китап болып шыққан ҳәм күнделикли баспа сөзде жарық көрген новелла, гүрриң, повесть ҳәм романлардың дизими берилген. Оқыў қолланбада белгили жазыўшылар

Т.Қайыпбергенов, И.Юсупов, К.Рахманов, Ш.Сейтов, К.Алламбергенов, Ҳ.Айымбетов, С.Исмайылов, А.Абдиев ҳәм басқалардың прозалық шығармаларына филологиялық жақтан таллаў исленген. Усы жағынан оқыў қолланба көп жаңалықларға ийе. Биринshiден, бул қолланбада материаллар түсиникли ҳәм илимий жақтан терең талқыланған. Ҳәр бир темаға түсиникли етип жоба дүзилген, темалар бойынша сораўлар ҳәм тапсырмалар берилген. Сондай-ақ, қандай теориялық әдебиятлардан пайдаланыў кереклиги ҳаққында мағлыўматлар киргизилген. Екинshiден, бул оқыў қолланба қарақалпақ прозасы бойынша биринши мәрте исленип шығылған. Сонлықтан мийнетте көп теориялық жаңалықлар ҳәм жетискенликлер бар. Үшинshiден, автор бул қолланбаға ғәрезсизлик дәўирдеги жазыўшылардың прозасынан мысаллар келтирип, теориялық мағлыўматларды әмелиятта дәлиллеп көрсеткен. Илимпаздың буннан басқа да улыўма орта билим бериў мектеби, орта ҳәм жоқары оқыў орынларына арналған оқыў қолланба ҳәм сабақлықлары жазылып атыр.

Белгили әдебиятшы Пердебай Нуржанов салмақлы илимий мийнетлери менен әдебияттаныў илимине ҳәм билимлендириў тараўына белгили дәрежеде үлес қосып киятыр. Оның монографиялары, сабақлықлары, оқыў қолланбалары ҳәм еки жүзден артық илимий мақалалары ғәрезсизлик дәўирдеги жасларды билимдан тәрбиялаўда үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Юсупов К.А. XX әсирдеги қарақалпақ прозасында көркем психологизм мәселелери. «Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў» журналы, 2007, 4-саны, 11-15.
2. Юсупов К.А. Ишки монолог ҳәм шеберлик. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис 2008. 1-саны, 113-116.
3. Юсупов К.А. Лирикалық прозада көркем психологизм. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис 2008. 2-саны, 124-127.
4. Юсупов К.А. Жазыўшылардың дөретиўшилик шеберлигин үйрениў методикасы. ҚМУ хабаршысы, 2009, 3-4-санлар, 126-129.
5. Юсупов К.А. Камал Мәмбетовтиң өмири ҳәм дөретиўшилигин үйрениў усыллары. Нөкис, «Miraziz Nukus», 2017. – 4,25 б.т. - 68 б.
6. Юсупов К.А. Ш.Сейтов прозасын таллаў усыллары. – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2017. – 4 б.т. – 64 бет.

7. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын сабақтан тыс жумыслар арқалы үйрениўдиң илимий методикалық мәселелери.. – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2018. – 5 б.т. – 80 б.

8. Юсупов К.А. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Sabaqlıq. – Tashkent: Sano-standart, 2018. – 21 б.т. – 336 б.

9. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Монография. – Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2019. – 7 б.т. – 112 б.

10. Юсупов К.А. Академик лицейларда қорақалпоқ адабиётини ўқитиш методикаси (педагогика фанлари доктори (DSc) диссертацияси автореферати). – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2021. – 4 б.т – 66 бет.

11. Юсупов К.А. Kórkem shıǵarmalardıń mazmunıń úyreniw metodikası. Oqıw qollanba. – Tashkent: Yosh avlod matbaa, 2021. – 23,75 б.т. – 380 б.

12. Юсупов К.А. Qánigelik hám pedagogikalıq ámeliyat. Oqıw qollanba.– Nókis: Ilimpaz, 2021. – 3.75 б.т. – 60 б.

13. Yuspov KA Arnawlı pánlerdi oqıtıw metodikası. sabaqlıq. – Tashkent: INNOVATSIYA-ZIYO, 2022. – 19 б.т. – 304 б.

14. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw texnologiyaları. Oqıw qollanba. – Tashkent: INNOVATSIYA-ZIYO, 2022. – 9.3 б.т. – 144 б.

15. Юсупов К.А. Халмурат Сапаров дөретиўшилик жолы. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 1996. 3-4-саны, 54-60.

16. Юсупов К.А. Бердақ шығармаларын үйрениў усыллары. «Қарақалпақстан муғаллими» журналы, Нөкис, 1996. 1-2-саны, 12-15.

17. Юсупов К.А. «Айдос бий» дәстаны ҳәм тарийх. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2000. 2-саны, 94-96

18. Юсупов К.А. (авторлар менен бирге) Оқыўшыларымыз пикир айтады. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2000. 3-саны.

19. Юсупов К.А. «Айдос бий» дәстаны ҳәм тарийх. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2000. 6-саны, 112-115.

20. Юсупов К.А. Ҳәзирги дәўир ҳәм Бердақ шайыр мийрасына көз қарас. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2001. 2-саны, 126-128.

21. Юсупов К.А. Ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебиятында Айдос бий образы. ӨзРИАҚҚБ «Хабаршысы» журналы, Нөкис, 2001. 5-саны, 130-131.

22. Юсупов К.А. Ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебиятында Айдос бий образының өзгешеликлери. ӨзРИАҚҚБ «Хабаршысы» журналы, Нөкис, 2001. 6-саны, 138-139.

23. Юсупов К.А. «Шырашылар» романының көркем психологизми. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2006. 6-саны, 112-115.

24. Юсупов К.А. И.Юсуповтың «Ўатан топырағы» шығармасының мазмунын үйрениў. ҚМУ хабаршысы, 2009, 3-4-саны, 46-49.

25. Юсупов К.А. Қарақалпақ әдебиятын интерактив методлар менен оқытыў усыллары. ҚМУ хабаршысы, 2011, 1-2-саны, 58-60.

26. Юсупов К.А. Қарақалпақ лирикасын изертлеўши алымның дөретиўшилигин үйрениў. «Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў» журналы, 2012, 1-саны, 3-8.

27. Юсупов К.А. «Академиялық лицейлерде И.Юсупов дөретиўшилигин лекция түрлери менен үйрениў усыллары». ҚМУ хабаршысы, 2012, 3-4-санлар, 30-32.

28. Юсупов К.А. Жазыўшылар дөретиўшилигин үйрениў усыллары. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис 2012. 4-саны, 115-118.

29. Юсупов К.А. Қонысбай Камалов-қарақалпақ прозасын изертлеўши алым. «Әмиўдәрья» журналы, 2014, 1-саны, 82-91.

30. Юсупов К.А. Әдилбай Қожықбаев-қарақалпақ әдебиятын изертлеўши. «Әмиўдәрья» журналы, 2014, 6-саны, 123-128.

31. Юсупов К.А. Әдебияттаныўда салмақлы орны бар алым. ҚМУ хабаршысы, №1, 2015, 132-136.

32. Юсупов К.А. Ш.Сейтов прозасында пейзаж ҳәм қаҳарман образын үйрениў мәселелери. ҚМУ хабаршысы, №2, 2015, 92-96.

33. Юсупов Қ. Оразбай Сәтбаев поэзиясының көркемлик өзгешеликлери. «Әмиўдәрья» журналы, №5, 2015, 77-87.

34. Konis A. Yusupov. Studying Forms of Teaching Karakalpak Poetry at Academic Lyceums. Eastern European Scientific Journal. Germany. Ausgabe, 3-2018. 72-75.

35. Юсупов К.А. Повыщение интереса учащихся к литературе на основе анализа художественных произведений. «Наука и Общество» журнал, №2 2018, стр.32-34.

36. Юсупов К.А. Изучение внеаудиторных работ по каракалпакской литературе в академических лицеях «Наука и Общество» журнал, №3 2018, стр.36-38.

37. Юсупов К.А. Әбдимурат Атажановтың дөретиўшилик устаханасы. «Әмиўдәрья» журналы, №5, 2018, 68-75.

38. Konis A. Yusupov. Studying Karakalpak Poetry in Academic Lyceums by Various Methods in Class. Eastern European Scientific Journal. (ISSN 2199-7977). Germany. Ausgabe, 1-2019. 83-85.

39. Юсупов Қ. Толыбай Қабулов дөретиўшилигин үйрениў. «Әмиўдәрья» журналы, №3, 2019, 55-64.

40. Юсупов К.А. Конысбай Камалов дөретиўшилигин үйрениўдиң гейпара мәселелери // Ilim ha'm ja'miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. – Нукус, 2019. – №4. – Б. 94-98. (13.00.00. №3)

41.Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде драмалық шығармаларды интерактив технологиялар менен оқытыў // Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў. – Нөкис, 2019. – №6/1. – Б. 4-8 (13.00.00. №20).

42. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде Т.Қабуловтың өмири ҳәм лирикасын үйрениў // Ilim ha'm ja'miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. – Нукус, 2020. – №1. – Б. 106-110 (13.00.00. №3).

43. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде лирикалық шығармаларды таллаў // Қорақалпоқ давлат университети ахборотномаси. – Нукус, 2020. – №1. – Б. 181-184 (13.00.00. №13).

44. Yusupov K.A. Scientific and theoretical foundations of teaching Karakalpak literature at academic lyceums // Journal of Critical Reviews. (ISSN 2394-5125). – Vol 7, Issue 7, 2020. – №1. – P.P. 349-354

45. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде Т.Қайыпбергенов дөретиўшилигин оқытыў методикасы // Ilim ha'm ja'miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. – Нукус, 2020. – №2. – Б. 100-103 (13.00.00. №3).

46. Yusupov K.A. Akademik litseylarda qoraqalpoq adabiyoti // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2020. – №6. – Б. 40-41 (13.00.00. №8).

47. Yusupov K.A. Methods of teaching literary material at academic lyceums according to the program // Academicia. An International Multidisciplinary Research Journal (India). (ISSN: 2249-7137). – Vol. 10 Issue 5, 2020. – P.P. 1628-1634 (Impact Factor: SJIF 2020= 7,13).

48. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде Ө.Хожаниязов дөретиўшилигин үйрениў // Ilim ha'm ja'miyet. журнали. Нукус, 2020. №1. Б. 32-35.

49. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде прозалық шығармаларды таллаў // Қорақалпоқ давлат университети ахборотномаси. – Нукус, 2020. – №3. – Б. 304-308 (13.00.00. №13).

50. Юсупов К.А. Изучение художественных произведений в академических лицеях // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2021. – №3. – стр. 78-80 (13.00.00. №8).
51. Yusupov K.A. Curricula for teaching karakalpak literature. // Academicia: An International Multidisciplinary Research Journal https://saarj.com. Academicia ISSN: 2249-7137 Vol. 11, Issue 5, May 2021, Стр. 1069-1074. Impact Factor: SJIF 2021 = 7.492,
52. Yusupov K.A. Scientific and methodological problems of studying karakalpak literature. //Asian Journal of Multidimensional Research (AJMR) https://www.tarj.in. ISSN: 2278-4853 Vol 10, Issue 5, May, 2021. Стр. 585-590. Impact Factor: SJIF 2021 = 7.699. 10.5958/2278-4853.2021.00451.1
53. Юсупов К.А. Изучение творчества Чингиза Айматова в академических лицеях // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2021. – №7. – стр. 52-53 (13.00.00. №8).
54. Yusupov K.A., Seytjanov J.E. Problems of artistic psychologism in Karakalpak prose. Philosophical Readings XIII.4 (2021), pp.2054-2060.2054 10.5281/zenodo.5584439. Info@philsophicalredings.org
55. Юсупов К.А. Научно-методических основы преподавания каракалпакской литературы. Internaional Scienfiic Jounal Theoretical & Applied Scieence p-ISSN: 2308-4944 (print) e- ISSN:2409-0085 (online) Year: 2021 Issue: 11. Pp. 362-371. http://T.Science.org.
56. Юсупов К.А. Педагог шайыр лирикасы ҳәм тәлим-тәрбия мәселелери // Ilim ha'm ja'miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. Нукус, 2021. – №4. – Б. 100-102.
57. Юсупов К.А Өсербай Әлеўовтың лирикасын үйрениў. «Әмиўдәрья» журналы, 2021, – №4, – Б. 63-68.
58. Юсупов К.А. Развитие устной культуры учащихся на уроках литературы // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2022. – №1. – Б. 70-71 (13.00.00. №8).
59. Yusupov K.A. Umumiy o'rta ta'lim maktablarida qoraqalpoq adabiyotini o'qitish masalalari// Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2022. – №2. – Б. 17-18 (13.00.00. №8).
60. Yusupov K.A. Teaching students the metods of artistic depiction in Karakalpak prose. // Journal of Hunan University (Natural Sciences). Vol. 49. No. 04. 2022. Page - 590-603
61. Yusupov K.A. Methods of selection of Karakalpak Novels. // Journal of Positive School Psychology. (Scopus) Volume. 6, No. 4 (2022). Page - 26-30.

62. Yusupov K.A. Learning Discussing the Epic Novels. // Eurasian Journal of Learning and Academic Teahing. Volume 7 I March 2022. Page - 26-30. ISSN: 2795-739X.

63. Юсупов К.А. Обучение основам письменной речи учащихся. // «PEDAGOGS» innernational research journal. Volume-7, Issue-1, April-2022. – Стр. 176-181.

64. Yusupov K.A. Theortical foundations of teaching Karakalpak literature. // GALAXY international interdisciplinary research journal . Vol. 10, Issue 5.(2022). PP. – 210-216.

65. Yusupov K.A. Qoraqalpoq adabiyotini úqitish masalalari // Journal of new century innovations. (WSRjournal.com), Volume - 5, Issue - 6. May, (2022). PP. – 113-122.

66. Юсупов К.А. Изучение произведений писателя на уроках литературы// Международный научно-образовательный журнал «Образование и наука в XXI веке». Выпуск №26 (том 4), май, 2022. – Стр. 196-201.

67. Yusupov K.A. Methodologu for analyzing iyrical works in literature lessons. // Miasto Przysztoǵci. Vol. 26 (2022). Page - 200-208.

68. Юсупов К.А. Изучение творчества С.Мажитова в школе. //V Международный журнал научных исследований «Научный импульс». Выпуск №1, 2022. – Стр. 44-50.

69. Yusupov K.A. Methods of Teaching the Works of O.Satbaev in Schools. // Journal of intellectual prperty and human rights. Vol. 01lssue. September - 2022. Page – 44-53.

70. Yusupov K.A. Develorment of Oral and Written Speech of Students in Schools. // Journal of intellectual prperty and human rights. Vol. 01 lssue. September - 2022. Page – 56-66.

71. Yusupov K.A. Problems of Teaching Korakalpok literature // Central asian journal of literature, philosophy and culture. Vol. 03 lssue: 10 - 2022. Page – 75-85.

72. Юсупов К.А. Содержание и способы изучения внеклассных работ по каракалпакской литературе в академических лицеях. (Международная научно-практическая конференция «Фундаментальные научных исследования».) Астана, 2018.стр.116-122.

73. Yusupov K.A. Methods of teaching literary material at academic lyceums according to the program / Cutting edge-science. International scientific and

practical conference, USA Conference Proceedings, Shawnee, July, 2020. – P.P. 83-87.

74.Юсупов К.А. Изучение творчества Сапа Матчанова. /XV Международная научно-практическая конференция «The world science of modernity. Problems and prospects of development», 25-26 марта, 2021 г., Париж, Франция: стр. 170-175.

75. Юсупов К.А. Инновационные технологии в обучении каракалпакской литературе /Материалы Международной научно-практической конференции. «Татарская поэзия и культура второй половины XX начала XXI века». Казань, 28 апреля, 2021 г. Стр.341.

76. Юсупов К.А. Изучение лирики Усербай Алеўова / Литература и художественная культура тюркских народов в контексте восток-запад. Материалы Международной научно-практической онлайн-конференции Казань, 22-25-октября 2020 г. Стр.348-351.

77. Юсупов К.А. Актуальные вопросы преподавания каракалпакской литературы в академических лицеях / Литература и художественная культура тюркских народов в контексте восток-запад. Материалы Международной научно-практической онлайн-конференции Казань, 22-25-октября 2020 г. Стр.352-355.

78. Юсупов К.А. Академик лицейларда қорақалпоқ адабиятини уқитиш масалалари. // «Ҳәзирги қарақалпақ филологиясының әҳмийетли мәселелери» атамасындағы халық аралық илимий-теориялық конференция материаллары топламы. Нөкис: 2020, 36-42.

79.Юсупов К.А Образ Айдос бия в каракалпакской литературе. // I International science conference on multidisciplinary research, Abstracts of International Scientific and Practical Conference. Berlin, Germany January 19-21, 2021, стр. 766-769

80.Юсупов К.А Изучение в современной каракалпакской лирике. / III International science conference on e-learning and education, Abstracts of III International Scientific and Practical Conference. Lisbon, Portugal February 2-5, 2021, стр. 349-353.

81.Юсупов К.А. Изучение творчество Казакбай Юлдашева /V Международная научно-практическая конференция по новым тенденциям в науке и образовании «Theoretical and scientific bases of scieetific thought», 16-19 февраля, 2021 г., Италия, стр. 503-508.

82.Юсупов К.А. Юсупов И.К. Лирикалық шығармаларды оқытыў методикасы. /VI Международная научно-практическая конференция по

фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-технологиями и обществу. 23-26 февраля, 2021 г., Стокгольм, Швеция, стр. 469-474.